

Kisa pou pote pou

Randevou WIC ou an

1 Prè Revni Fwaye a

Prè yon mwa revni pou chak moun nan fanmi an ki ap travay oswa ki gen yon sous revni.*

Pa egzanp:

- Fich pèman pou tout travay yo
- Deklarasyon Enpo ou fenk fè
- Yon lèt patwon ou ba ou
- Deklarasyon pansyon alimantè pou timoun
- Deklarasyon andikap

*Si ou menm oswa kèk manm nan fanmi w patisipe nan pwogram sa yo ou kapab otomatikman elijib pou revni an. Medicaid, Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP, Pwogram Asistans Nitrisyonèl Anplis) oswa Temporary Assistance for Needy Families (TANF, Asistans tanporè pou fanmi ki nan bezwen). N ap toujou bezwen yon revni masyèl vèbal pou tout manm nan fanmi an ki gen yon sous revni nan ka sa a.

2 Prè Idantite ak Adrès

Pa egzanp:

- Lisans
- Lòt pyès idantite ak foto tankou paspò, kat lekòl elatriye.
- Bòdwo sèvis piblik
- Resi lwaye oswa kontra lokasyon
- Lèt biznis yo voye ba ou



3 Prè Gwosès

Pa egzanp:

- Imaj Sonografi/ ekografi
- Yon nòt doktè w ba ou ki di ou ansent

4 Prè Idantite Timoun nan (pou tout timoun ki enskri yo)

Pa egzanp:

- Kat Medicaid
- Ak de nesans
- Dosye nesans lopital la
- Foto idantite



Voye dokiman yo atravè aplikasyon WIC Delaware a:



— OUBYEN —

Voye dokiman yo pa imèl nan:

Konte Sussex: SussexWIC@delaware.gov

Konte Kent: KentWIC@delaware.gov

Konte New Castle: NCCWIC@delaware.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè sèvis ki garanti opòtinite ki egal.



DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES
Division of Public Health
WIC Program